

Nimewo 28

DEKRÈ EGZEKITIF

DEKLARASYON IJANS POUTÈT KATASTWÒF NAN ETA NEW YORK

KONSIDERE KE, dapre seksyon 362 ak 365 Lwa Sèvis Sante Piblik (42 U.S.C §§ 362 ak 365, ak règleman aplikasyon nan 42 C.F.R. § 71.40, nan 2 out 2021, Direktè Sant Kontwòl Maladi Etazini (Center for Disease Control, CDC) te pibliye yon *Re-evalyasyon Sante Piblik ak Òdonans pou Sispann Dwa pou Entegre Sèten Moun ki soti nan Peyi Kote Yon Maladi Kontajye ki Sijè a Karantèn Egziste* ("Òdonans Tit 42 la");

KONSIDERE KE, Òdonans Tit 42 a entèdi migrasyon "etranje ki kouvri" nan peyi Etazini ki vwayaje soti Kanada oswa Meksik (kèlkeswa peyi orijin yo) ke, yon lòt fason, t ap entegre nan yon anviwònman kolektif nan yon pò antre oswa nan yon estasyon Patwouy Fwontye Etazini nan oswa toupre peyi Etazini ak fwontye kotyè adjasan yo;

KONSIDERE KE, menm avèk Òdonans Tit 42 a an vigè, yon gwo kantite imigran ki gen bezwen lojman ak sèvis imedya te rive nan Vil la ak Eta New York pandan plizyè mwa ki sot pase yo: Vil New York, poukont li, ap bay lojman tanporè nan moman an pou 36,738 imigran ki soti nan fwontye sid la, yon kantite ki te ogmante pa 12,279 moun depi janvyè 2023; ak yon lòt 1,578 moun nan sèlman semèn pase a.

KONSIDERE KE, Òdonans Tit 42 a ap ekspire nan dat 11 me 2023, epi, lè Òdonans Tit 42 a ekspire, yo prevwa pral gen yon vag migrasyon nan peyi Etazini ki se akòz arive iminan moun yo nan Vil la ak Eta New York nan yon pousantaj ogmante de sa ki prevwa pou plizyè milye lòt moun k ap chècheabri chak semèn;

KONSIDERE KE, sipò federal enpòtan anpil pou sipòte Vil New York ak lòt gouvènman lokal nan Eta a ki manke enfrastrikti, enstalasyon, ak resous ki nesèsè pou satisfè demann imanité imedya pou loje ak satisfè lòt bezwen debaz arive gwo kantite imigran; epi

KONSIDERE KE, arive plis kantite imigran k ap chècheabri nan Vil la ak Eta New York yo prevwa agrave yon kriz imanité ki deja a gwo echèl epi kreye yon ijans katastwòf kote gouvènman lokal yo pa kapab byen reponn, sa ki kreye yon menas pou sante ak sekirite, ki ka lakòz pèt lavi oswa pwopriyete; epi

KOUNYE A, KIDONK, MWEN, KATHY HOCHUL, Gouvènè Eta New York, avèk otorite Konstitisyon Eta New York ak Seksyon 28 nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la (Executive Law) ban mwen, konstate avèk dokiman sa a gen yon katastwòf pandye kote gouvènman lokal ki touche yo pa kapab entèveni kòm sadwa. An konsekans, mwen menm, avèk dokiman sa a, ap deklare yon Eta Ijans nan Ka Katastwòf, ki antre an vigè nan dat 9 me 2023 pou tout Eta New York. Dekrè Egzekitif sa a ap rete an vigè jiska dat 8 jen 2023; epi

ANPLIS DE SA, konfòmman ak Seksyon 29 nan Atik 2-B Lwa Egzekitif la, mwen mande egzekisyon Plan Global Eta a pou Jesyon Ijans (State Comprehensive Emergency Management Plan) ak otorize, anvigè apati 9 me 2023, ajans yo nan Eta a jan sa nesèsè, ak Kwa Wouj Amerikèn, pou yo pran mezi apwopriye pou pwoteje pwopriyete Eta a epi pou ede gouvènman lokal ak moun ki touche yo nan entèveni kont katastwòf sa a epi nan refè anba li, epi pou ofri lòt èd ki nesèsè pou pwoteje sante ak sekirite piblik.

ANPLIS DE SA, konfòmman a otorite ke lalwa ban mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B Lwa Egzekitif la, mwen sispann oswa modifiye tanporèman, avèk dokiman sa a, pou peryòd apati dat Dekrè Egzekitif sa a jiska 8 jen 2023, lwa annapre yo nan mezi sa nesèsè pou reponn touswit ak byen pwoteje sante ak sekirite piblik akòz ijans ki mansyone anwo a:

- Seksyon 97-G nan Lwa sou Finans Eta a (State Finance Law), nan mezi sa nesèsè pou achte manje, materyèl, sèvis, ak ekipman oswa founi oswa bay diferan sèvis santralize pou ede gouvènman lokal, moun, ansanm avèk lòt antite ki pa fè pati Eta a ki viktim yo nan kad efò pou reyaji a ijans poutèt katastwòf la epi refè anba li;
- Seksyon 112 nan Lwa sou Finans Eta a nan mezi sa nesèsè pou ajoute plis travay, chantye, finansman ak lè nan kontra Eta yo oswa pou akòde kontra, sa gen ladan men pa limite ak kontra oswa kontra an fèmaj pou

deplasman ak soutyen operasyon Eta a dapre Seksyon 3 Lwa sou Bilding Piblik la; oswa kontra dapre Seksyon 8 ak 9 Lwa sou Bilding Piblik la; oswa kontra pou sèvis pwofesyonèl dapre Seksyon 136-a Lwa sou Finans Eta a; oswa kontra pou acha pwodui, sèvis, ak teknoloji pase pa nenpòt ki pwogram GSA federal, pwogram federal 1122, oswa lòt enstriman kontra eta, rejyonal, lokal, jiridiksyon miltip, oswa koperatif;

- Seksyon 163 nan lwa sou Finans Eta a ak Atik 4-C nan Lwa sou Devlopman Ekonomik (Economic Development Law) la, nan mezi sa nesèsè pou achte pwodui, sèvis, teknoloji, ak materyèl ki nesèsè yo, san yo pa swiv avi ak pwosesis acha nòmal yo;
- Seksyon 103 nan Lwa Minisipal Jeneral la, nan mezi sa nesèsè pou achte pwodui, sèvis, teknoloji, ak materyèl ki nesèsè yo, san yo pa swiv avi ak pwosesis acha nòmal yo; epi
- Seksyon 768 ak 711 nan Lwa sou Byen Imobilye ak Pwosedi yo (Real Property and Proceedings Law), Seksyon 226-c ak 232-a nan Lwa sou Byen Imobilye yo (Real Property Law), ak sou-divizyon 7, 8, 9, 10 ak 13 nan seksyon 4 nan Lwa sou Lojman Miltip (Multiple Dwelling Law), nan mezi sa nesèsè pou anpeche tanporèman kreyasyon yon relasyon pwopriyetè kay ak lokatè ant nenpòt moun ki ap ede fè reponn a eta ijans lan oswa nenpòt moun ki bezwenabri oswa lojman akòz sikonstans yo ki te mennen nan eta ijans lan, epi, nenpòt moun oswa antite, ki enkli men ki pa limite a nenpòt pwopriyetè otèl, lopital, konpayi lojman san bi likratif, oswa nenpòt lòt moun oswa ki bay lojman tanporè pou yon peryòd trant jou oswa pi plis sèlman nan objektif pou ka ede reponn ak eta ijans lan.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil Albany nan
9yèm jou mwa me nan ane de mil venntwa.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a